Civil Aviation
Authority of Zimbabwe

## GWARO REMASHANDIRE EDU NEVATENGI

Basa re*Civil Aviation Authority* yeZimbabwe *(CAAZ),* zvichienderana neChikamu 3 cheVandudzo yeMutemo we *Civil Aviation Act,* 2018 [No.10 of 2018] kukurudzira nekupa murawo wekuchengetedza ndege dzisiri dzemauto, kupa nhungamiro yendege uye kudzidzira basa rezvendege dzisiri dzemauto muZimbabwe. Chivimbiso chedu chakapfekedzwa mune zvatinokoshesa zvinoti; Kuenderera mberi nekudzidza, Mushandirapamwe, Kunangana nekuburitsa zvinobatika, Hunhu uye Kuzvidavirira

*CAAZ* inozvipira kupa sevhisi yepamusorosoro, yakavimbika uye inokasira mukuita basa rayo sezvinotevera:

| Nhamba | Kuzvipira kuita basa | Chipimo chemashandire atinoita |
|---|---|---|
| 1. | Kugadziriswa kwemvumo dzekubhururuka (ndege dzamazuva ose) | Mukati memaawa makumi manomwe nemaviri ekunyorera zvichienderana nekutumirwa kwese magwaro anodiwa uye mubhadharo. |
| 2. | Kugadziriswa kwemvumo dzekubhururuka kwendege dzechimbichimbi | Mukati me30 maminetsi ekunyorera zvinoenderana nekuendeswa kwemagwaro ese anodiwa uye mubhadharo |
| 3. | Kugadzirisa urongwa hwendege kubva kune dzimwe nzvimbo dzakatarwa pamwe nekupa ruzivo maererano nezvekufamba kwendege | Mukati memaawa matanhatu ekunyorera zvichienderana nekutumirwa kwese magwaro anodiwa uye kubhadhara. |
| 4. | Kuferefeta zvichemo nevashandisi vezvifambiso zvendege | Mukati memazuva mashanu ekushanda |
| 5. | Kugadziriswa kweChitupa chevanoshanda nezvendege | Mukati memazuva makumi mapfumbamwe ekushandisa. |
| 6. | Kugadziriswa kweApurukesheni yenhandare | Mukati memazuva makumi mapfumbamwe. |

| | | |
|---|---|---|
| 7. | Kuvandudzwa kweChitupa chevanoshanda nezvendege | Mukati memazuva makumi matatu ekunyorera pasi pekutumirwa kwemagwaro ese anodiwa |
| 8. | Kugadziriswa kweSangano reMendenenzi rakatenderwa | Mukati memazuva makumi mapfumbamwe. |
| 9. | Kurejisitwa kwendege | Mukati memazuva masere ekushanda. |
| 10. | Kugadziriswa/kubvumidzwa kwekunatsiridzwa kwendege | Mukati memazuva mashanu ekushanda. |
| 11. | Kugadzirisa/kubvumidza kwese marezinesi evashandi | Mukati memazuva mashanu ekushanda |
| 12. | Kugadziriswa/Kubvumidzwa kweMasangano Anorairidza | Mukati memazuva makumi mapfumbamwe |
| 13. | Kumaka bvunzo (vashandi vemundege nevanogadzira ndege) | Mukati memazuva manomwe ekushanda |
| 14. | Kugadziriswa kwerezinesi dzemaDrone | Mukati memazuva masere ekushanda. |
| 15. | Kubvumirwa kwezviero zvezviga zvekuchengetedza zvose zvine chokuita nendege | Mukati memazuva makumi matatu ekushanda |
| 16. | Pindura kubvunzurudzo dzevenhau | Mukati memazuva mashanu ekushanda |
| 17. | Kupindura nhare patafura inosvikira vaenzi pakambani | Isati yarira kanodarika katatu |

Chero zvinetso, zvichemo, zvingade kubvunzwisiswa, makomendi nerumbidzo zvine chekuita neService Charter ino zvinofanirwa kuendeswa kuna ***Director General*** kuburikidza nenhare nepamasaisai akanyorwa pazasi:


3rd level; Robert Gabriel Mugabe International Airport; P Bag CY7716 Causeway, Harare

Tel: +263242585073-80 Tellular: +263772132715-30

E-mail: directorgeneral@caaz.co.zw Website: www.caaz.co.zw

Instagram: caazonline Twitter: @caaz_online

Facebook/LinkedIn: Civil Aviation Authority of Zimbabwe